

## 28 jiyè 1915 - 28 jiyè 2015: 100-an pita, kilè rekreyasyon sa a ap fini?

### Yon lèt pou kandida yo

Samuel Pierre

Santan pase vit. Dat sa a, 28 jiyè, raple nou yon move souvni: gen santan, depi Ameriken te okipe peyi a. Okipasyon sa a te dire jouk rive nan ane 1934. Gen santan, peyi sa a ki te goumen tenkantenk ak Lafrans pou li te pran endepandans li nan men peyi kolonyalis epi enperyalis sa a, te vin pèdi souverennite li devan yon lòt peyi enperyalis, fwa sa a, se vwazen nou Meriken. Sa te rive akòz yon enstabilite politik, ki pa te gen okenn solisyon nan je kèk moun. Santan pita, èske sityasyon jeneral la vrèman chanje?

Pou mwen reponn kesyon sa a, mwen te reli kèk tèks ki te parèt nan kòmansman syèk ki fenk pase a, espesyalman yonn, Joseph Justin te ekri, ki te rele: *LES RÉFORMES NÉCESSAIRES. QUESTIONS HAÏTIENNES D'ACTUALITÉ*. Men yon premye lèz nan prefas liv li a ki te pibliye 28 jiyè 1915:

*Nou rive kote nou te prale a*

*Nou pa kab fè okenn erè ankò. Yo mete Ayiti sou ban nasyon sivilize yo.*

*Jounen jodi a, pèsonn pa kab nye eta malè nou epi etandi danje ki rive sou nou an.*

*Tout moun pè sa ki ap tann nou pi devan. Men, malè sa a ki genyen kòz, li genyen remèd li tou. Bivize liv sa a nou ofri*

*piblik la se ekzakteman pou nou wè divès kòz li yo epi montre remèd pou li.*

*Lè a SONNEN!*

*Soufrans nou yo se leson.*

*Èske se twòp, pou depi kounye a, nou mande yon moun ki vle gen lonè dirije lavni nou, pou omwen li genyen «syans labonte»?*

*Èske se twòp pou nou mande li prezante yon pwogram ki reyalizab lapoula?...*

*Wi, nou dwe fini pou tout bon ak «kalite tradisyon ansyen tan ki bloke nou yo?...*

*Se pri sa a pou nou peye pou byennèt nou<sup>1</sup>.*

Santan pita, an 2015, nou dwe rekonèt tèks sa a alamòd toujou, avèk kè sote, traka, epi pwoblèm ki toujou la avèk nou.

Wi, jounen jodi a, yon lòt fwa ankò «Yo mete Ayiti sou ban nasyon sivilize yo».

1. À moins d'indication contraire, toutes les citations sont tirées de: Joseph Justin, *Les réformes nécessaires. Questions haïtiennes d'actualité*, Imprimerie Edmond Chenet, 138, Rue du Peuple, Port-au-Prince, 1915.

Wi, «jounen jodi a, pèsonn pa kab nye eta malè nou epi etandi danje ki rive sou nou an».

Wi, jounen jodi a, yon lòt fwa ankò, «tout moun pè sa ki ap tann nou pi devan».

Wi, jounen jodi a, yon lòt fwa ankò, «lè a sonnen!».

Jounen jodi a, an 2015, tankou yon aksidan nan listwa, men nou nan yon ane eleksyon, kote nou pral chanje chèf politik nou yo, pandan nou genyen yon pakèt kandida, ki vle dirije desten nou avèk fòs. Pou tout kandida sa yo, nan kèlkeswa nivo a, ki vle tout bon pran responsablite pi gwo dyòb ki la espesyalman pou defann enterè tout moun epi pou fè pwomosyon kolektive a, mwen ap sèvi ak menm pawòl Justin Joseph te di, genyen ekzakteman 100 an:

*Èske se twòp, pou depi kounye a, nou mande yon moun ki vle gen lonè dirije lavni nou, pou omwen li genyen «syans labonte»?*

*Èske se twòp pou nou mande li prezante yon pwogram ki reyalizab lapoula?...*

Pi lwen nan liv li a, ki parèt nan ane 1915, nan pati entwodiksyon an, men sa Joseph Justin ekri:

*Alaverite, nou dwe genyen kouray pou nou admèt li epi pou nou di sa byen fò. Soti 1804 rive jounen jodi a, nou pa fè okenn pwogrè nan zèv jeneral limanite. Okontrè, zèv nou fè yo, se zèv destriksyon, travay ki pote lanmò.*

*Kounye a, apre yon dal erè ki anpile yonn sou lòt, nou rive tèlman ba, sèl sa nou ap mande, se dwa pou nou rete anvi.*

Pawòl sa yo fè mal anpil, kòm kòmantè sou premye syèk lavi nou kòm pèp lib, men genyen yon pati ladan yo ki laverite, epi nou dwe note sa depi jounen jodi a, pou ansanm, nou rive bati yon pi bèl avni. Toujou avèk lide «zèv destriksyon» an, epi «travay ki pote lanmò» Justin ap pale a, Nouvelliste 18 me 2015 lan rapòte yon pawòl J. Franklin Ford, ki di:

*Tout sa mwen kab di sou Ayiti, se, lanati fè tout bagay pou li, men moun nan peyi a travay kont lanati 2.*

Kanta degradasyon Justin ap pale a, ki vin tounen senpman «yon dwa pou nou rete anvi», genyen yon pawòl popilè ki di menm bagay la: «Pito nou lèd nou la».

Non, li lè pou jounen jodi a, yon syèk apre 1915, nou souke kò nou, pou nou pran men nou, mete plis nanm nan anbisyon nasyonal nou yo, pase yon senp «dwa pou nou rete anvi», san gade deyè epi nan nenpòt kondisyon. Li lè pou nou fini ak koze «Pito nou lèd nou la a», ki klase nou nan kategori pèp ki pa kab refè listwa, listwa pa li, ki tèlman rich ak laglwa epi lesou pou limanite. Tout pèp bati desten yo apati reyalizasyon kolektif ki mete eskap sou santiman apatenans yo epi konfyans yo nan kapasite yo genyen pou yo bati yon pi bèl avni. Se pa ni lanati ni lachans ki pote sa. Se depreferans fanm ak gason responsab, devwe, ki gen konviksyon ki kab travay pou rive pran responsablite avni peyi yo.

Jodi a ankò, yon syèk apre debakman Marin yo an Ayiti, ki demontre aklè enkapasite nou pou dirije tèt nou, sitiwayon an pa plis chanje pase sa. Anfèt, lè nou pa gen Marin dantan yo, jounen jodi a, nou genyen MINUSTHA (an franse). Santan pitan!

Kilè rekreyasyon an ap fini? kilè nou ap remonte an fòs sou teren an? Kilè tout ajisman sa yo ap fini: foli ak vorasite pou lajan, irresponsablite, koripsyon jeneralize, richès ilegal san sanksyon epi ki valorize? Kilè prezans yon Leta ki pa Leta a ap sispann? Kilè ekzèsis pouvwa a sou fòm mwen ap dirije men se lòt moun ki ap ban mwen lòd la ap sispann? Kilè nepotis, ki ap bloke sila yo ki gen merit, epi mete enkapab nan pozisyon responsablite pou jere byen Leta (*res publica*), va sispann? Kilè defayans Leta, ki pèdi, pandan lontan, kontwòl jesyon peyi a, kontwòl ekonomi an, kontwòl bidjè nasyonal la, kontwòl eleksyon yo, kontwòl demografi a, kontwòl sou moun, yo rann pòv, ki ap sove kite peyi a pou yo ale kay vwazen, ap sispann? Kilè dezespwa ki ap ralanti fòs moun ki ta dwe fè peyi a avanse a ap sispann? Kilè enjistis ak absans lalwa, ki lakòz yon *epe Damoklès* pann sou tèt chak sitwayen, ap sispann? Kilè rejim konstitisyonèl san otantisite, jounen jodi a, epi ki montre enkonpatiblite li ak kilti nou an epi mwayen ekonomik peyi a, ap sispann? Kilè penyen lage sosyal ki ap anvayi nou an epi dezespwa jeneralize a, ap sispann? Kilè endiferans devan deperisman total la, ap sispann? Kilè pawòl «Pito nou lèd nou la a» ap sispann? Kilè lanfè sa a ap sispann? ■